20-нэ лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм щыщІидзэм республикэм щекІуэкІа лъэпкъ зэпэщІэтныгъэр къэгъэувыІэным хуэгъэзауэ радиом емызэщу цІыхухэм я гупсысэр иузэщІащ. А Іуэхугъуэ радиожурналистхэм щызэхьэрхащ «Псынащхьэр къыщежьэр», «Ди зэкъуэтныгъэм и тхьдэр», «Іъэпкъыми дэчых иІэщ», «Зэныбжьэгъуэр ягуэшыркъым - ягъэбыдэ», «Эрэдымрэ абы и тхьдэмрэ», «Нэмыс» нэтынхэм. Апхуэдэу радиоочеркхэм яхуэфащэ увыпІэр программэхэм щапхъэу хуагъэльэгъуат. Абыхэм ящыщу радио едаІуэхэм нэхъыфІу кьаГьпытащ «Пныхьжьыр зыщыщыр Сэрмакъщ», «ЩІылъэ-анэм и бын щыпкъэ», «Пныгъэм и дерсхэр», «Адэм и губгъуэ», «Ёнджкызыр зи пльапІэ» жьыхуІэхэр, Джатэ жьыкъуэ Хьэжпагуэ, Тэчокъуэ Къамболэ, Тхьэкъуащ1э Амдуэчэрим, Кіыщ Адэлбий, Хьэкіашэ Юрэ сымэ лІыхьужьу зыхэтхэр. Псалъэмакъ щхьэчэ кьаІэ жь бзищкІэ эфирым кІуэ, сатырэу гъэпса, цІыхухэм гурыхь ящыхьу радиожурналхэу «Аркъэн», «Хьэжэ», «Кьапхъэн» зи фІэщІыгъэм.

Йужьрей зэманым радиом кьыщыынэхуащ нэхъыщІэ куэд. Іуэхугъуэхэм - кІэщІу», «Жэуап зыхьым кьыбгъэдэкІыу», «ТхакІуэр, тхыгъэр, тхыгъеджэр», «Правительствэм хэтым - микрофоныр», «Іупсысэр - жьэнахуэу», нэгъуэщІхэри зэманым поджэж.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и тхьдэм и «зэрытпІэкэм» зымащІэ нэхъ мыхьуми щыгъуазэ цІыхум щэч кьытрихьэнкьым республикэм и политикэ, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм абы хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищІам. ЛІэщІыгъуэм и зэблэкІыгъуэм зи пльабжьэр кьыщежьа цІыхубэ кьыбгъэльэгъуэн тельыджэм ди щЫнапІэм псынщІэу зыщижьащ икІи гъуэгуанэшхуэ кьикІуащ. Абы нІэщ электроникэм тещІыхьа технологие кьару лъэпщІ и кьэухь икІи нобэ зэрыт щытыкІэр кьэбгъэльэгъуэн зэзыхьу, пльэбакъуэщІэ ичауэ кьыщІокІ. КъБР-м и къэрал радиом и нэтынхэм (езым игъэхьэзырхэм) техуэ зэманым хуэдитхукІэ хэхъуащ. Мазэ-мазитІ нэхъ дэмыкІыу ар лажьэу щидзэнущ топъкь

къаруI лъэщ

къакIуа гъуэгуанэмрэ илъэс 84-м яхуэзэфIэкIамрэ

Зэхьибох икIи болъагъу

Урысей телевиденэм и тхыдэр къыщежьа зэманыр радиом еплъытмэ, абы къудкIэ къыкIэрыхуркъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм я зэхуэдитIым псалъэр зэхэпхыу, ар зыгъуэуари уэзыгъэлъагъу Iэмал къэгуПсысыным хуэзэ тIа якъухтэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу щIадзащ, Ауэ радиом ящыщIыдыдзу «къыщта къэухым» ар щIэх нэсакъым: Москва къикI апэ телеэнтыньхэр эфирым щыкIуар 1931 гъэращ. Куэд дэмыкIыу абы и зыужьыныгъэр Хэку зауэшхуэм къиэзгригъэувыIащ, зэпэмыууэ лэжьэн щыщIидзэжар 1946 - 1947 гъэхэрщ.

Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрыщ апэу телевиденэр къыздэсар. Цыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэщ къыкIэгъэпэщыныр зэманым къигъэува къаIэнт икIи ар псынщIу зэфIэхьныр Iэхугъуитlым кIыхьхьащIащ: республикам социалыно-экономикэ зыужьыныгъэфI иIэ зэрыхъуамрэ абы и унафэщIхэр жьыжьэ плъэуэ зэрыщытамрэ.

1955 гъэм фокIадэм ТАСС-м «Любительский телецентр» жиIэу мыпхуэдэ хъыбар къытауэ щытащ: «Мазэ зыбжанэ хъуауэ Налшык щолажьэ инженер Сергеевым и унафэм щIэту яуха телецентр. Абы и нэтынхэм еплъыну Iэмал яIэщ километрийм и къуэхьым къриубыдэ щIыпIэм щыпсэу цIыхухэм». 1957 гъэм мазаем и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм къэрал фIэщыгъэр къаратащ икIи СССР-м и Министрэхэм я Совет тым дежи Радиомрэ телевиденэмкIэ щыIэ комитетым и зы Iыхьэу хагъэхьащ. Абдеж кьыщожьэ Республикэ телевиденэм и тхыдэр.

Япэ итахэм я фIыщIэр кIуэдыркъым

Къэрал мыхьэнэ зиIэ республикэ телевиденэм зегъэужьыным и зэхэублакIуэу ущытыну тынштэкъым. Кьапэщыт гугъуехьхэр къыздэкIыу, я къарур ирахьэлIэу, ябгъэдэпэ Iэзагъыр Iэнатlэщ Iэм хуэфащэу кьагъэсебэпу ар кьыздэгъэпэщащ япэ ита цыхьу щэджащэхэм. Абыхэм ялъэкIащ киномрэ телевиденэмрэ, кино гъуэзджэмрэ публицистикэмрэ зэхаухуанэу зы мардэм ирагъэувэн. Кьалэну къэващ магнит Iэмалкlэ псалъэр зытетха пленкэ бгъуэзэм кьыщежьэу зэмыфэгъуу уэзыгъэлъагъу пленкэ бгъуфIэм тещIыхьа киномрэ нобэ видеокlэ зэдза технологиемрэ хуэкIуэныр. А кьалэныр телевиденэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм ягъэзэщIэн яхуэзофIэкIащ икIи щIэуэ кьуэнэхуа гъуэзджэм иIэ къагапIэхэм ящыщ куэдым лъэIэсащ. Видеом и пэкIи, абы щытехьа пIалъэми Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и лэжьакIуэхэм яхуэфIэкIащ документальнэ очеркхэу, репор тажхэу, сюжетхэу мин бжыгъэхэр трахьн икIи кьагъэтъэгъуэн. Апхуэдэу ягъэхьэзыра фильмхэр щэ бжыгъэкIэ ягъэбагъуэри, ди къэралми хамэ къэрал куэдми щагъэлъэгъуащ. Ахэр псори зэхэпльхьэжэ, кино-видеопленкэу метр мелуанхэм нос икIи Щ1ы хьурейм кьеплщэкIыу, бгырыпхым хуэдэу щIэппхэну урикъунущ. Мы гупсысэм Iуплщ кьыхощ рекламкэ телевиденэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ гъащIэр, и щIыхэр, абыхэм я зэныбжьэгъугъэр, зэхэтпакIуэхэм яхуэгъуазджэм и фащэкIэ гъэпса, тхыдэм и тепльэгъуэу траха сурэт абрагъуэхэмкIэ кьигъэльэгъуэн зэрыльэкIар. Дауэ-тIэ апхуэдэ телевиденэ республикэм щызэфIэзыгъэува щыхухэм я щIэр лъагэу зэрымыIэтынур? «Адыгэ псалъэ» газетым и щIадзакIакIуэхэм ящIэн папщIэ абыхэм я цIэр кьыпсIэунут: радиомрэ телевиденэмкIэ иIэ Iэщагъэм хуэIэзэ Хьэцыкlу Ахьмэд, телевиденэм и кьызэгъэпэщакIуэ Серг еев Георгий (инженер гуп я гъусэу), Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ я унафэщIу илъэс 16-кIэ щытащ Дыду Владимир, абы и кьуэдзэу гъэкъа, радиор езыгъэфIэкIуахэм ящыщ лIы щэджащэ Залиханов Жэнэкъаит, блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 - 70 гъэхэм республикэ телевиденэм и зыужьныгъэм хэпльхэныгъэфI хуэзышIа, илъэс 13-кIэ абы и унафэщIу щыта Макитов Сэфар, режиссер нэхъыщхьэм и кьулыкъур гъэзэ хуэмыдэжьэм зезыльхьэу Мыд Хьэжмусэрэ Панасьян Варужанрэ, режиссер нэхъыщхьэу лэжьакъэу Урыс Мухьэзыр, Бачиевэ Тамарэ, Мысостышхуэ Пщыхьэбий, редактор нэхъыщхьэ хуэ Хьуэжэ Хьэзрэт, Гадиев Иброжым сымэ, документальнэ кинор КъБР-м щызэтезыгъуавхэу, ар гъэхьэзырынымкIэ, техыныкIэ Iэзагъ зиIэхэу Бэрокъуэ Владимир, Буслик Юрэ, Токьмакъ Светланэ, редактор рхэу Кlуращын БетIал, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Дол Байлиэ, Къуэлуфэ Хьэчим, Гуэеев Исхьэкъ, Гупиев Мэжит, телевиденэр нобэрей технологием тегъэувэнымкIэ куэд зылэжьа Жаным Руслан. Я цIэ къиIуапхъэщ Бищlо Анатолэ, Ляпин Николай, Санэ Ириндж, Макитов Камал сымэ. Иужьрей илъэхэм радиомрэ телевиденэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэфIэкIынымтолажьэ нэхъыжьхэм къащIэувэхэу Къэзанш Людмилэ, абы и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ, Къумахуэ Мухьэдин, Гъурф Бэлэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Бэм я гупсысэм и уэзщIакIуэ, щэнхабзэр ябгъэдэзылтхьэ

1959 гъэм кьыщегъэжьауэ республикэм псынщIэу зыщIужьу щIидзащ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэщ Iэм. Программэхэр «Зэбгрыхьыным» хуэгъэпсауэ Долинск дэт антеннэ иным и гъунэгъуу телецентр щаухуэну кьрагъэжьащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым телевиденэм хуэфащэ пщIэ щигъуэту зэрыщIидзар къэзыгъэльагъуэ япэ лъэбакIуэт. Iтlуанэр Iэнатlэщ Iэр творческэ лэжьакIуэхэмкIэ кьыдзэгъэпэщырат зыхуэгъэзар. ТелевиденэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэ хэр къэзыуха цIыхухэр ябгъэдэжьащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым телевиденэм хуэфащэ пщIэ щигъэту зэрыщIидзар къэзыгъэльагъуэ япэ лъэбакIуэт. Iтlуанэр Iэнатlэщ Iэр творческэ лэжьакIуэхэмкIэ кьыдзэгъэпэщырат зыхуэгъэзар. ТелевиденэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэ хэр къэзыуха цIыхухэр ябгъэдэжьащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым телевиденэм хуэфащэ пщIэ щигъэту зэрыщIидзар къэзыгъэльагъуэ япэ лъэбакIуэт. Абыхэм ялъэкIащ киномрэ телевиденэмрэ, кино гъуэзджэмрэ публицистикэмрэ зэхаухуанэу зы мардэм ирагъэувэн. Къалэну къэващ магнит Iэмалкlэ псалъэр зытетха пленкэ бгъуэзэм кьыщежьэу зэмыфэгъуу уэзыгъэлъагъу пленкэ бгъуфIэм тещIыхьа киномрэ нобэ видеокlэ зэдза технологиемрэ хуэкIуэныр. А кьалэныр телевиденэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм ягъэзэщIэн яхуэзофIэкIащ икIи щIэуэ кьуэнэхуа гъуэзджэм иIэ къагапIэхэм ящыщ куэдым лъэIэсащ. Видеом и пэкIи, абы щытехьа пIалъэми Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и лэжьакIуэхэм яхуэфIэкIащ документальнэ очеркхэу, репор тажхэу, сюжетхэу мин бжыгъэхэр трахьн икIи кьагъэтъэгъуэн. Апхуэдэу ягъэхьэзыра фильмхэр щэ бжыгъэкIэ ягъэбагъуэри, ди къэралми хамэ къэрал куэдми щагъэлъэгъуащ. Ахэр псори зэхэпльхьэжэ, кино-видеопленкэу метр мелуанхэм нос икIи Щ1ы хьурейм кьеплщэкIыу, бгырыпхым хуэдэу щIэппхэну урикъунущ. Мы гупсысэм Iуплщ кьыхощ телевиденэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ гъащIэр, и щIыхэр, абыхэм я зэныбжьэгъугъэр, зэхэтпакIуэхэм яхуэгъуазджэм и фащэкIэ гъэпса, тхыдэм и тепльэгъуэу траха сурэт абрагъуэхэмкIэ кьигъэльэгъуэн зэрыльэкIар. Дауэ-тIэ апхуэдэ телевиденэ республикэм щызэфIэзыгъэува щыхухэм я щIэр лъагэу зэрымыIэтынур? «Адыгэ псалъэ» газетым и щIадзакIакIуэхэм ящыщ папщIэ абыхэм я цIэр кьыпсIэунут: радиомрэ телевиденэмкIэ иIэ Iэщагъэм хуэIэзэ Хьэцыкlу Ахьмэд, телевиденэм и кьызэгъэпэщакIуэ Серг еев Георгий (инженер гуп я гъусэу), Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ я унафэщIу илъэс 16-кIэ щытащ Дыду Владимир, абы и кьуэдзэу гъэкъа, радиор езыгъэфIэкIуахэм ящыщ лIы щэджащэ Залиханов Жэнэкъаит, блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 - 70 гъэхэм республикэ телевиденэм и зыужьныгъэм хэпльхэныгъэфI хуэзышIа, илъэс 13-кIэ абы и унафэщIу щыта Макитов Сэфар, режиссер нэхъыщхьэм и кьулыкъур гъэзэ хуэмыдэжьэм зезыльхьэу Мыд Хьэжмусэрэ Панасьян Варужанрэ, режиссер нэхъыщхьэу лэжьакъэу Урыс Мухьэзыр, Бачиевэ Тамарэ, Мысостышхуэ Пщыхьэбий, редактор нэхъыщхьэ хуэ Хьуэжэ Хьэзрэт, Гадиев Иброжым сымэ, документальнэ кинор КъБР-м щызэтезыгъуавхэу, ар гъэхьэзырынымкIэ, техыныкIэ Iэзагъ зиIэхэу Бэрокъуэ Владимир, Буслик Юрэ, Токьмакъ Светланэ, редактор рхэу Кlуращын БетIал, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Дол Байлиэ, Къуэлуфэ Хьэчим, Гуэеев Исхьэкъ, Гупиев

Зэхъуэуу мэлажьэ

ХХ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэ щIэдзэ илъэсхэм республикэ телевиденэм кьыльыкIуэкIащ зыпэмыплъа гугъуехьхэр. Ар абыхэми пхыкIащ, ехьулIэныгъэ зыIэрыгъэхьэрэ, ипэкIэ макIуэ. Зи тхыдэм дриплъа телевиденэм, БГТРК-м и кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм зэмыщIу, щхьэхуэу республикэм ейуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр телеканал» къэрал Iуэхущ1апIэ кьызэрагъэпэщащ. А псом я гугъу пщIым папщIэ зы газети газетитIи урикъункым. Нэхъыщхьэр БГТРК-м и кьудамэрэ, республикэм и телевиденэри нобэрей зэманым деклуу зэрылажьэрщ, кьэкIуэнум зэрыхуэгъэпсарщ. Куэд щIакъым Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал телевиденэм программэхэр егъэфIэкIуэныкIэ Iэмалыфlхэр кьезыт ягъэIэпхьуэ станц гъуэзджэ кьызэзэратрэ. Эфир защIэжэр кьэ тыным зыхуагъэхьэзыр. Абы кьыгъэльэгъуэнущ программэр зэрыкIуэкI тележурналистым иIэ зэфIэкIымрэ кьэухьымрэ зыхуэдэр. Республикэ телевиденэм и лэжьакIуэхэр апхуэдэ Iуэху зехьэным хуэщIащ. Зы тхьэмахуэм, щэкIуэгъуэм и 7 - 13-м, кьырыбыдэу абыхэм «Мир» каналымкIэ кьаагъэтъэгъуа нэтынхэм я зэкъэлыкIэ-гъэпсыкIэм якIэлъыплърэ зэпкъпхрэ, наIуэ мэжьу, сыт хуэдэ ныбжьми итхэм ахэр зэрагъэпсыхьар. Псом япэ ирагъэщIар сабийхэращ: зы махуэ дэкIыркъым абыхэм мультфильмкIэ е нэтынк щхьэуэкIэ яхуэмыцIэу. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, спортсмен цIэрыцIуэхэм ятеуха, жанр зэмылIэужьыгъуэхэм ит нэтын 15 а зы тхьэмахуэм и программкэм хэтщ. Зэныбжьэгъугъэм, цIыху зэхущытыкIэхэм ятеуха, щIэ гуэр къозыгъащIэ нэтынкIэр махуитхукIэ зэхьэлъыплъу макIуэ. Мыпхуэдэ программкэм дэбгъуэн пхыхуэгъуэтынутэкъым, телевизорепльхэм кьабгъэдэкI информацэр (обратная связь) нэхъыбэлъэ ящIатэмэ, Абы и бжыгъэр кьыщоуфыIэ епльхэм я лъэIукIэ хагъэхьа концертитIым деж.

Техникэм теухуауэ жьыпIэмэ, программэхэр зэбгрыкъыхыну Iэмэпсымэр метри 150-кIэ Iэтауэ ягъэувынущ. Ягъэхьэзырар цIыхухэм ябгъэдэпльхьэну хуит узыщI лицензиие щIэуэ кьыдахьынущ, итIанэ лъэпкъыбзэхэмкIэ программэхэр япэ щыкIэ сыхьэ тихкIэ, нэхъ ижьыпуэкIэ сыхьэт 12-кIэ эфирым кIуэнущ. Анухудиз зэманыр телевизорепльхэм ягу ирихь нэтынхэмкIэ бгъэщIыну, дауи, тынщкъым; Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI журналистхэм я бжыгъэм кьыхэхъуэн хуейщ. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъуфIщ Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтыр. А еджапIэр, КъБКъУ-р, нэгъуэщI щIыпIэхэм журналистикэмрэ режиссурэмкIэ еджапIэхэр кьыщызыуха щIалэгъуэдэм ящыщ куэд мыгувэу Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал телевиденэм лэжьапIэ кьригъэблэгъэну кьыщIэкIынщ. Арыншауи хъунукъым. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен зэрыжиIамкIэ, сыхьэт 24-кIэ лажьэ телевиденэ лъэщ ди щIыналъэм кьыщызэригъэпэщыну и мурадщ. Ар кьэкIуэнум хуэгъэпса, технологиещIэр зи лъабжьэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэр, щIыпIэжьэну журналистхэр, режиссерхэр, инженер IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэр гъэхьэзырыныр икIэщIыпIэкIэ зи ужь ихьапхъэ къыдэнщ.

Зэманым къыщызэригъэпэщыну и мурадщ. Ар кьэкIуэнум хуэгъэпса, технологиещIэр зи лъабжьэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэр, зы щIыпIэжьэну журналистхэр, режиссерхэр, инженер IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэр гъэхьэзырыныр икIэщIыпIэкIэ зи ужь ихьапхъэ къыдэнщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ я тхыдэр къэзыгъэлъагъуэ напэкIуэщIкэр зи Iэдакъэщ1экI Бжэныкlэ Мухьэб Мусэбий и къуэр илъэс 45-рэ хъуауэ журналистикэм хэтщ. Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр 1966 гъэм, 1974 гъэм а факультетым радиомрэ телевиденэмкIэ и аспирантурэр кьиуухащ. Бзэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, социологщ, УФ-м телевиденэмрэ радиомкIэ и отличникщ.

Зэман кьэдкIэ зыпэрыта Iэнатlэм щригъэжьауэ ятеуха социологие къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу 1985 гъэм тхылъ кьыдигъэкIащ, и лэжьыгъэр кьыщызэщIикъуэжу тхыгъэ куэд кьыгтриубэдзащ Москва кьыщыдэкI журналхэмрэ республикэ газетхэмрэ. КъБР-м и Журналистхэм я союзым, Печатымрэ информацэмкIэ министерствэм кьызэригъэпэщу апхуэдэ зэпеуэзэм пIэнейр ауреат щыхъуащ, УФ-м и Журналистхэм я союзым нэхъ пIэнIэу кьащIалъытэ «За заслуги перед профессиональным сообществом» дамыгъэр кьыхуагъэфэщащ. 1992 гъэм Бжэныкlэ Мухьэб кьыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

«Къэббалъкътелерадио» компание Ильэсхэр. Махуэхэр. ФIэщыгъэхэр

1927 - 1937 гъэхэм - Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областым и Радиокомитет.

1937 - 1943 гъэхэм - КъБАССР-м РадиомкIэ и комитет *(фокIадэ мазэм нэс).*

1942 гъэм и фокIадэм щыщIэдзауэ 1943 гъэм и щIышIулъэм и 3 пщIондэ радиор лэжьакъым, бийм КъБАССР-р пIалъэкIэ зэриубыдам кьыхэкIыу.

1943 гъэм и щIышIулъэм щыщIэдзауэ 1944 гъэ хуэху - Къэбэрдей-Балъкъэр радиокомитет.

1945 - 1953 гъэхэм - КъАССР-м Радиоухуэныгъэмрэ радиоинформацэмкIэ и к омитет.

1953 - 1958 гъэхэм(щIышIулъэм и 1-м 1958 гъэм) - КъАССР-м Щэнхабзэмкlэ и министрствэм радиоинформацэмкIэ и кьудамэ.

1958 - 1969 гъэхэм - КъБАССР-м и Министрхэм я Совет тым деж Радиомрэ телевиденэмкIэ щыIэ комитет.

А гъэ дыдэхэм - Телевиденэмрэ радиомкIэ хуэрал комитет *(РТЦ-р щыIащ 1992 гъэ пщIондэ).*

1992 гъэм (накьыгъэм и 28) - «Къэббалъкътелерадио» къэрал компание.

1998 гъэм (жэпуэгъэ) - ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» федеральнэ къэрал Iэнатlэ (ФГУП).

2005 гъэм- «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадио Iэнатlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым РадиомкIэ и комитетым, Министрэм я Совет тым деж Телевиденэмрэ радиомкIэ щыIэ комитетым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием я унафэщIхэу 1927 гъэм кьыщыщIэдзауэ лэжьа (лажьэ) унафэщIхэр:

1. Волковский В. Н. - 1927 - 1931 гъэхэм

2. Вэрокъуэ Хь. ПI. - 1931 - 1935 гъэхэм

3. АфIэуиэ И. Хь. - 1936 - 1939 гъэхэм

4. Тыкlуэ Кlу. Б. - 1939 - 1940 гъэхэм

5. Бойченко М. Я. - 1940 - 1943 гъэхэм *(1942 гъэм и фокIадэм щыщIэдзауэ 1943 гъэм щIышIулъэм и 1 пщIондэ хэмыту)*

6. Теуэн Хь. И. - 1943 - 1945 гъэхэм

7. Бэрбч Хь. М. - 1945 - 1948 гъэхэм

8. Кьардэн Б. М. - 1948 - 1957 гъэхэм

9. Хьэжу А. КI. - 1957 - 1970 гъэхэм

10. Дыду В. З. - 1970 - 1986 гъэхэм

11. КъуэIуфэ Хь. Хь. - 1986 - 1992 гъэхэм

12. БищIо А. А. - 1992 - 1996 гъэхэм

13. Жаным Р. М. - 1996 - 2009 гъэхэм

14. Къзанш Л. Б. - 2009 гъэ лъандэрэ Iэнатlэм пэрытщ.

15. Санэ И. У. - 2005 - 2009 гъэхэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадио Iуэхущ1апIэм и унафэщI.

16. Кьымахуэ М. Хь. - 2009 - 2011 гъэхэм - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телерадио Iэнатlэм и тхьэмадэ.

Тхыгъэр зейм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ я тхыдэр къэзыгъэлъагъуэ напэкIуэщIкэр зи Iэдакъэщ1экI Бжэныкlэ Мухьэб Мусэбий и къуэр илъэс 45-рэ хъуауэ журналистикэм хэтщ. Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр 1966 гъэм, 1974 гъэм а факультетым радиомрэ телевиденэмкIэ и аспирантурэр кьиуухащ. Бзэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, социологщ, УФ-м телевиденэмрэ радиомкIэ и отличникщ.

Зэман кьэдкIэ зыпэрыта Iэнатlэм щригъэжьауэ социологие къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу 1985 гъэм тхылъ кьыдигъэкIащ, и лэжьыгъэр кьыщызэщIикъуэжу тхыгъэ куэд кьыгтриубэдзащ Москва кьыщыдэкI журналхэмрэ республикэ газетхэмрэ. КъБР-м и Журналистхэм я союзым, Печатымрэ информацэмкIэ министерствэм кьызэригъэпэщу апхуэдэ зэпеуэзэм пIэнейр ауреат щыхъуащ, УФ-м и Журналистхэм я союзым нэхъ пIэнIэу кьащIалъытэ «За заслуги перед профессиональным сообществом» дамыгъэр кьыхуагъэфэщащ. 1992 гъэм Бжэныкlэ Мухьэб кьыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

Телевиденэм къеблэгъащ КъБР-м и щIыхубэ уэкIуэ **Кlыщокъуэ Алим.** *Абы бгъэдэсщ режиссёр ящIыщ* **Мысостышхуэ Пщыхьэбий.** *1986 гъэ*

Обозреватель **Эрчокъуэ Исуф.** *1978 гъэ*

Корреспондент **Хьэжыкъарэ Алик.** *2003 гъэ*

Къуэдзокъуэ Хьэсэнрэ Тхьэмокъуэ Барэсбийрэ. *1995 гъэ*

Режиссёр **Кьардэн Хьэсэн.** *1993 гъэ*

Телевиденэм и режиссёр нэхъыщхьэ **Панасьян Варужан.** *1964 гъэ*

Жаным Руслан, Мыз Майе, Къудей Лидэ, Тэтрокъуэ Астемыр *сымэ. 1998 гъэ*

Журналистхэу **Гъурф Белгерэ Мэремкъул Ларисэрэ.** *2007 гъэ*

Радиом и лэжьакIуэхэр, КхъуэIуфэ Хьэчим яхэту. *1990 гъэ*

● ЗэIущIэхэр

Бзэм иригушхуэхэр

Анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, хабзэр дэтхэнэ лъэпкъым и дежкIи хъугъуэфыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэщ. Нэхъ лъапIэ дыдэри сыт - уасэ яIэххэкъым. Абыхъм ятеуауэ Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкIыныр зэи лей хъуркъым. Апхуэдэ зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым. «Бзэр, щэнхабзэр, лъэпкъ хьэлыр - иджырей жылагъуэм»: зыфIащауа лъэпэкIпсо конференциым къырихьэлIащ щIэныгъэлIэхэр, аспирантхэр, студентхэр. Абыхъм я къхэутэныгъэхэр зэрыт тхылъ щхьэхуи къыхудагъэкIащ.

КОНФЕРЕНЦЫР къызэIуаха нэужь, абы хэтхэм гуп-гупу загъэшащ икIи Iуэхум адэкIэ пащащ зэпэщхьэхуэ. ЩIэщыгъуагъэ хэлъу екIуэкIащ Пымыжь Хьэмыщэ, Кучуковэ Зуэра сымэ зи унафэщIхэу щыта гупхэм я лэжьыгъэр. Цыхум псом мэхъэрэ нэхъ гуапэу зыхиущIи и анэдэлъхубзэмкIэ щыпсальэм деж, больагъу ар и гум кIыукI макъыу зэрыщытыр. Гуапэт адыгэбзэкIэ къэпсальэхэм уедэIуэну, зэпкърах темэхэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэм укIэпльыплъыну. Утыкум къыщыпсальэхэр я бзэм зэрыригушхуэр зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Пэжыбгъэ зыхIэпмэтхэм ящыщт Бэрбэч Иринэ и «Ягъэ адыгэ тхакIуэхэм я Iэдакъэщтхэр» Нало Заур и тхылъым къыззрыщыкIуэр», Къумыкъу Маринэ и «Бабыгу Эргун и усэхэм Хэкум и джэ макъыр ящыззрыхэщыр», Гъуклэкъуд Иринэ и «Шапсыгъхэм ятеуауэ тхыгъэ гуузэ», Лыбебекъуэ Марьянэ и «Ежьралым и лъапсэ Цыхубзыр» Кыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романым къызэрыщыгъэлIэгъуар» къэхутэныгъэхэр. Къэндур Мухъэдин и «Кавказ» романыр и тегъэщIапIэу магистр Гъуклэкъуд Иринэ иригупльэжащ адыгэм къикIуа Гъуэгуанэ щынагъуэхэм ящыщ зым, и гупсысхэмкIи къыддагъэшащ. «Тхыгъэм сыкъыщеджэкIэ, абы къыщыкIуэ дэтхэнэ зы теплъэгъуэри сэ снкърыкIырт, згъэвырт. ТхакIуэр си гум кьыпсэлъыкI хуэдэт», - жеIэ Иринэ.

Хэхэс адыгэхэм ящыщ усакIуэ Бабыгу Эргун Хэкужьым хуиIэ лъагэуныгъэм и куу ГъэкIыр кьыпщытэну и ужь иKьащ Къумыкъу Маринэ. Эргун и усэхэм кьыхощ адыгэхэр я Хэку къэкIуэлIэжьыну абы зэрихьэпсапIэр, бзэм и Iуэхум зэригъэгулэзыр, Iэщ1кI хабзэм зэрыкIэльыпхъуэр. А псор щызэпкърыхащ Маринэ и лэжьыгъэм.

Лыбебекъуэ Марьянэ и лэжьыгъэри куууэ узыгъэупсыст. «Лъапсэ» романымкIэ Кыщокъуэ Алим ди нэгу щIигъэкI лъэхъэнитIым гъэщIэгъуэну тепсэлъыхьащ. Бэрбэч Иринэ и къэхутэныгъэр триухущ Нало Заур и «Адыгэ литературэм и антологие» тхылъым къыщIэт Iуэхуэхэм, щыпхъша гупсысэхэм. АдыгэбзэкIэ лэжьыгъэ зытхахэм я щIэныгъэ унафэщIкI КъБКъУ-м и профессор Бакъ Зерэ. Конференцыр и кIэм щынэблагъэм, абы и кьызэгъэпэщакIуэхэр тепсэлъыхьащ къыкIэлъыкIуэ зэхуэсыр сыт хуэдэу яуухэнуми, сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэр абы и уГыкУ кърахьэнуми. Абы кърихьэлIахэм кьыхагъэщащ анэдэлъхубзэкIэ къэпсалъхэм екIуэкIа лэжьыгъэр щIэщыгъуэ, дэхэ зэращIар.

Адэжь Хэкум, лъэпкым теухуа гупсысэхэм сыт щыгъуи къаруяIэщ. Ар щыныIэт мыбдежми. Конференцым щыIуа гупсысэ дыгъэлэхэм ящыщ мащIэ нэхъ мыхъуми абы щIэсахэм псэкIэ здыщIахамэ, ари куэд и уасэщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм деж Хьэрычэтыщ1э IуэхуэхэмкIэ щыIэ сочетым и зIэIущIэм къыщащащ къэщыгъуэгъэнымкIэ-аналитикэ экспертизэ псоми ихьиKIа бизнес-проектыр 34-р.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм мы гъэм иригъэкIуэкIауэ щытащ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цыкIухэмрэ курытхэмрэ къыщыхалъхьэжрдэмхэр даIыгъын икIи зрагъэжьын папщIэ, зыщегъыт илъэсым субсидиехэр зратыну муниципальнэ программэхэр къыщыхаха зэпеуэ. Налшык къалэ округыр абы унэтIыныгъитIкIэ хэтащ. Апхуэдэ ди бизнес Iуэхущ1э нэхъыфIхэр зыгъэззэщIэну щIалэгъуалэм грантхэр стынымрэ къызэрагъэпэщ зхэрычэтыщ1э IэнатIэщхьирщ, къэбэрдей, балькъэр усакIуэхэм, тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1кI нэхъыфIхэм щыгъэгъуэзэныщ. Зэпеуэм къыщыригъэувым хуэдэу, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм, Iуэхур зэгъэщIылIа IэнатIэхэм, апхуэдэу щIыпIэ администрацэм и эксперт комиссэм а псори щызэпкърахащ, унэтIныныгъитIымкI1э проект 34-м арэзы зытехъуэ кIэух тхылъыщ уэтахащ. Хьэрычэтыщ1э IуэхуэхэмкIэ советым и зIэIущIэм проектхэр зейхэм я Iэдакъэщ1кIэр щагъэлъэгъуа нэхъыжь, субсидиехэр зратынухэр кIэухыу ягъэбелджылащ. Бизнес гъэпсыкIэ нэхъ гъэщIэгъэнэу, социальнэ мыхьэнэ зиIэхэу кьалъыта 17-м ящыщщ Быдэ Аслъэн, Гуппоев Тимур, Соломатин Владимир, Щаду Арсен сымэ я проектхэр. ЕтIуанэ унэтIныныгъэмкIи хьэрычэт щIэн щIэзыдзагъащIэ 17-м субсидиехэр хухахащ. Абыхъм я Iэдакъэщ1кIэхэм ящыщу советым хэтхэм нэхъыфIу кьалъытащ Харьковская Янэ, Хьэмдэхьу Алим, Цыганов Алексей сымэ я проектхэр.

Советым и унафэкIэ бизнес гупсысэ 17-ми, хьэрычэт щIэн щIэзыдзагъащIэхэм я проект 17-ми арэзы техъуащ. Мыгувэу дэтхэнэми и счетым субсидиеу сом мин 300 ягъэкIуэнущ. Аэр Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм деж Хьэрычэтыщ1э IуэхуэхэмкIэ щыIэ советым и нэIэ щIэту къагъэсэбэпынущ.

СЕНИЧ Михаил.

● Хьэрычэтыщ1э

Арэзы тохъуэ

● Хьэуажъу

Аруан куейм хьихьэ
Мысостей къуажэм щыпсэу
Кlауэ Алик Пlалэ и къуэр кьышащхьуа
махуэщ, и ныбжьыр илъэс 60 ирокlу



Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ щхьэгъэсэн, адэ гумащIэм дынохъуэхъу уи гъащIэр кIыхьу, уи щIыхьыр лъагэу, узынщагъэ быдэ уиIэу, уи унагъуэ насыпым уи гур дыхэхъуэрэ быным я екъуIэнщIэм ургушхуэ, берычэтыр уи Iэнэгуу, дэрэ жэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ уи бэу куэдрэ утхъуэпсэуну!

Уи унагъуэр, кьыбдалъхуахэр, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

● Зэпеуэ хэр

ЩIэблэм дерс къызыхах

Нарткъалэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ «Си Къэбэрдей-Балькъэр» республикэпсо зэхьэзэхуэм и щIыпIэ зэпеуэхэр. Ар техуэат ди лъахэм и тхылъмрэ мыбы ягъащIэ лъандэрэ щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм кьадекIуэкI щIэныгъэхабзэмрэ щIэблэр зрыщыгъуазэр къэгъэнэным.

САБИЙ творчествэмкIэ унэм мы Iуэхур иIэхэи 10 хьауэ ирегъэкIуэкIри, мы зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэм зи зэфIэкI щыта щIэныгъэлъэгъуэру хуей щыкIуэхэм я бжыгъэм къыхэхьуэ фIэкIа, хэщIыкъым. Зэхьэзэхуэм и кьалэн нэхъыщхьэр адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ ди тхыдэр, ди хабзэ дахэхэр кьыдэкIуэтей щIэблэм я гъащIэм хэпатIэщIэхэм ядэIэпыкъунымрэ.

Республикэ, федеральнэ бюджетхэм кьахэкIыу Налшык сом мелуани 10 - дэтхэнэ унэтIныныгъэми мелуан тхурытху хуэзэу кьратащ. ИужькIэ 2007 - 2011 гъэхэм Налшык кьалэм хьэрычэтыщ1э IэнатIэ цыкIуэм зыщегъэужьыным, ар щыдэIыгъыным теухуа программэ эхэам тету, а унэтIныныгъитIымкIэ муниципальнэ зэпеуэ иригъэкIуэкIащ. Абы хьэрычэтыщ1э Iуэхум хьихьэ щIыхуи 100-м нэблагъэм я бизнес гупсысэхэмрэ проектхэмрэ щагъэлъэгъащ. Зэпеуэм къыщыригъэувым хуэдэу, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм, Iуэхур зэгъэщIылIа IэнатIэхэм, апхуэдэу щIыпIэ администрацэм и эксперт комиссэм а псори щызэпкърахащ, унэтIныныгъитIымкI1э проект 34-м арэзы зытехъуэ кIэух тхылъыщ уэтахащ. Хьэрычэтыщ1э IуэхуэхэмкIэ советым и зIэIущIэм проектхэр зейхэм я Iэдакъэщ1кIэр щагъэлъэгъуа нэхъыжь, субсидиехэр зратынухэр кIэухыу ягъэбелджылащ. Бизнес гъэпсыкIэ нэхъ гъэщIэгъэнэу, социальнэ мыхьэнэ зиIэхэу кьалъыта 17-м ящыщщ Быдэ Аслъэн, Гуппоев Тимур, Соломатин Владимир, Щаду Арсен сымэ я проектхэр. ЕтIуанэ унэтIныныгъэмкIи хьэрычэт щIэн щIэзыдзагъащIэ 17-м субсидиехэр хухахащ. Абыхъм я Iэдакъэщ1кIэхэм ящыщу советым хэтхэм нэхъыфIу кьалъытащ Харьковская Янэ, Хьэмдэхьу Алим, Цыганов Алексей сымэ я проектхэр.

Советым и унафэкIэ бизнес гупсысэ 17-ми, хьэрычэт щIэн щIэзыдзагъащIэхэм я проект 17-ми арэзы техъуащ. Мыгувэу дэтхэнэми и счетым субсидиеу сом мин 300 ягъэкIуэнущ. Аэр Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм деж Хьэрычэтыщ1э IуэхуэхэмкIэ щыIэ советым и нэIэ щIэту къагъэсэбэпынущ.

СЕНИЧ Михаил.

● Дэ къытхуатх

Уи лъэпкъым и блэкIам ущыгъуазэмэ

Си лъэпкъыр, зэрыжаIэжымкIэ, узэркъэзэ ящыщт. Абы лъэпкъ дамыгъитхурэ метр 262-рэ зи цIыгагъ Iуащхьэрэ иIэщ. «ЩIэныбэ» унэцIэр «щэн» псалъэм къытекIащ икIи «щэн зи бэ», «хьэл-щэн зыхэлъ» жиIэу араш къикIыр.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор КIуэкIуэ Жэмалдин зэритхужаIэмкIэ, «ЩIэныбэ» унэцIэр грузин псалъэ «сабина»-м къытекIащ, «святая троица» къикIыу араш. Ар XVI-XVII лЪэщIыгъуэм хохьэ. Нобэр къыздэсым. Осетин Ищхьэрэм «ЩIэнибэ» тафэ и цIэу щIыпIэ щыIэщ.

Къэбэрдейм ЩIэныбэхэр ЩIэныбей къуажэм щыпсэууэ щытащ. А къуажэм пэмыжыжьэу иIа ЩIэныбэхэ я Iуащхьэрэ нобэр къыздэсым щытщ (Шэрдэж Ищхьэрэ дей). Ар XIX лЪэщIыгъуэм зэхалъхьауэ щыта Къэбэрдейм и картитIым итщ, лъэхъэнэкIэ зыхуэзэр XIII-XVIII лЪэщIыгъуэхэрщ.

ЩIэныбэхэ ныы ягъэхъуу щытащ. Апхуэдэу, Броневский Семен и «Кавказцы» тхылъым (1823 гъэ) и 229-нэ напэкIуэцIым шы завод нэхъ цIэрыIуэ дыдэу Кавказым итахэр кьыщIрибжэкIкIэ, Кавказ Ищхьэрэм и шы заводу 58-рэ къыщыгъэлъэгъуащ. Ахэр зэрызэкIэлъыхьам 37-нэу итщ Шонебаша Черкеской (ЩIэныбэщ) шы заводыр.

ЩIэныбэ унэцIэр къызыхэщ ящэ дэфтэрыр Хьан-Джэрий и «Шэрджъэм теуха тхыгъэхэр» тхыдыкIэ ящэ дэфтэрыр Хьан-Джэрий и «Шэрджъэм теуха тхыгъэхэр» тхыдыкIэ (1886 гъэ). Абы ит табакIэм кьегъэлъагъуэ пщыхэу, уэркъуэу Къэбэрдеишхэм я Къэбэрдей цIыкIумрэ (Джылахъстэней) иса лъэпкъхэр, унэцIэхэр (н.194-200). А таблицэм, уэркъ унэцIэхэм деж, 17-нэу ЩIэнибей унэцIэр къыщыгъэлъэгъуащ, Шэрдэж псы Iуфэм Iус ЩIэнибей къуажэм щыпсэууэ.

Урыс-Кавказ зауэр къэхъей нэужь, ЩIэнибэ лъэпкым ящыщ куэд Тырхуэм ягъэкIуэуэ щытащ. Абы Кьайсэр видайстым хиубыдэу ЩIэнибей къуажэ кIыщыгъэрагъэпэщащ (тыркубэмкIэ - Эскиассыпинар). Адрей ЩIэнибэхэр ЩIэнибей къуажэм кьыкIри, абы пэгъэнэгъуу щыта Къуэжьыкъуей къуажэм (Шэрдэж Ищхьэрэ) Iэпхъуэжащ икIи �щIэнибэ хьэблэ абы кьыщыгъэрагъэпэщащ.

Си адэжьуэм и адэшхуэ ЩIэнибэ Мэрем ЩIэнибей къуажэм (Шэрдэж Ищхьэрэ пэмыжыжьэу) щыпсэууэ щытащ. ИужькIэ Джылахъстэнейм хьихьэ Болэтей къуажэм Iэпхъуэжащ.

Архивым щIэлъ дэфтэрхэм кьыззрагъэлъагъуэмкIэ, 1886 гъэм Къэбэрдейм къуажэу иIэм я унагъуэ щэнхабзэм ятхуэу щытащ. А спискэмкIэ ЩIэнибэ Мэрем Болэтей къуажэм щыпсэурт, илъэс 21-рэ и ныбжьт, щэшхуэ, жэмитI, виц, зы щIэ иIэт. Джылахъстэней псом щынэхь сатуущI цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщу щытащ Мэрем. Ар Болэтей къуажэм ятэ дыдэу гъэщIыкIэ ЩIэнибэ кьыщызыщхуахэм ящыщт (1885 гъэ) икIи езым и тыкъэм кьыщэIуихауэ щытащ.

ЩIэнибэ я щIалэхэр Хэку зауэшхуэм хэтащ икIи зауэ нэужьым мэкъумэш хозяйствэр кьызэрагъэпэщыжащ.

Си адэшхуэм и адэ ЩIэнибэ Алий зауэм мыкIуэну бронь кьратри, колхоз мылькур Алагир и лъэныкъуэкIэ игъэIэпхъуауэ щытащ, нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдейм и гъунапкъэм кьыщыблагъэм. Ар механизатор щIэрыIуэу щытащ икIи зауэ нэужьым Тэрч МТС-р кьызэригъэпэщыжащ.

ЩIэнибэ я щIалэхэр Хэку зауэшхуэм хэтащ икIи зауэ нэужьым мэкъумэш хозяйствэр кьызэрагъэпэщыжащ.

Си адэшхуэм и адэ ЩIэнибэ Алий зауэм мыкIуэну бронь кьратри, колхоз мылькур Алагир и лъэныкъуэкIэ игъэIэпхъуауэ щытащ, нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдейм и гъунапкъэм кьыщыблагъэм. Ар механизатор щIэрыIуэу щытащ икIи зауэ нэужьым Тэрч МТС-р кьызэригъэпэщыжащ.

ЩIэнибэ зыурэ ЩIэнибэ Мэрем и къуэр си адэшхуэм и адэ кьуэщIащ. Ар Хэку зауэшхуэмрэ Урыс-фин зауэмрэ хэтащ. УзгъэгъэкIэлъэ хьауэ, 1945 гъэм зауэм кьыкIыжащ сержант нэхъыжь ЩIэнибэ Исмэхыл. Абы кьыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и Дамыгъэм» и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр, «Вагъуэ Пльыжь» орденыр, Хэку зауэм и орденитI, «Хахуагъэм папщIэ», «Ленинград зэрахъумам папщIэ», «Берлин къызэрагъам папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Исмэхьил и къуэш Мухьэмэдин Хэку зауэшхуэм хэтащ. ИлъэситIкIэ фронтым Iутауэ, 1943 гъэм Краснодар пэмыжжьэ Замостьи хуторым деж щыхэкIуэдащ.

Ди лъэпкым щыху цIэрыIуэ куэд кьыхэкIащ: тхакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, дзэ къуалыкъум пэрытахэр, диным, щэнхабзэм я зэлъаIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныбэ Юрэ Мухьэмэд и къуэр - Кавказым ис бгырыс лъэпкъхэм я конфедерацэм и тхьэмадзу щытащ, иджы КъБКъУ-м политологиемкIэ и кафедрэм и доцентщ, философие щIэныгъэхэм я докторщ, Абхъаз къэрал университетым щIыхь зиIэ и профессорщ.

ЩIэныбэ Анатолэ Мухьэмэд и къуэр - техникэ щIэныгъэхэм я докторщ, КъБКъУ-м и профессорщ, информатикэмкIэ ирегъаджэ.

ЩIэныбэ Барэсбий Мухьэмэд и къуэр - сурэтыщI Iэзэщ, скульпторщ. Араш щыIар Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэепльэ сыну Налшык къалэ дэтыр. Барэсбий и Iэдакъэ щIэращIам, законым кьыззригъэувым тету, и пIалъэм и кIэм нагъэсын щхьэкIэ, ар зэрызэхагъэкI щыкIэр и кIэльыплъыныгъэ щхьэхуэм зэрыщIэтыпхъэм.

Уг гловнэ Iуэхур зэрызэхагъэкIыр республикэм и прокуратурэм и кIэльыплъыныгъэм щIигъэуващ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

КIэлъыплъыныгъэм щIагъэувэ

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академием и и джаIэ корпусым хэт жылагъуэ щхапIэм къыщагъэсэбэпа ерыскыы зэкIуэкIам и зэранкIэ студент, егъэджакIуэ я куэд жэпуэгъуэм и кIэхэм сымаджэ зэрыхъуам кьыхэкIыу, КъБР-м следственкIэ и Iэнатlэм и Налшык къалэ къудамэм мы гъэм дыгъэгъазэм и 7-м уголовнэ Iуэжу къиIэтащ, УФ-м и УК-м и 238-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыгъэльэгъуа щIэпхъаджагъэм хуэдэ зэранэжьамкIэ игъэкъуанщэу.

Республикэм и прокуратурэм я унафэр диIыгъащ икIи къеозгъыу кьильытащ.

Абы кьыдэкIуэу, кьащта унафэр хабзэм кьыззэрилаСэр кьыщащыгъэм, прокуратурэм Налшык къалэм следствиемкIэ и кьудамэм и унафэщIхэм гу лъаригъэтащ Iуэхур кIыхьлIыхь зэращIам, законым кьыззригъэувым тету, и пIалъэм и кIэм нагъэсын щхьэкIэ, ар зэрызэхагъэкI щыкIэр и кIэльыплъыныгъэ щхьэхуэм зэрыщIэтыпхъэм.

Уг гловнэ Iуэхур зэрызэхагъэкIыр республикэм и прокуратурэм и кIэльыплъыныгъэм щIигъэуващ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Гу зылъытапхъэ

Жылагъуэ егъэблэгъапIэ

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и дежи щыIэ Жылагъуэ советым щIыхуэхр щыгъэзбгъапэ пэш кьыззIуихащ.

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык къалэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и пресс-Iэнатlэм щыIуэхэр дыдэрищIамкIэ, щIыху еблэгъапIэм и лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтIар полицэмрэ жылагъуэмрэ зызэхащIыкIынырщ, нэхъыфIу зэдэлэжьынырщ.

Жылагъуэ советым хэтхэм ящыщ зы къекIуэдIэ щIыхухэм яIущIэнущ гъубж махуэ къэс сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ 14 пщIондэ. Абыхъм яхэтщ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым, «Налшык» газетым я редактор нэхъыщхьэхэу Тхьэзэпэ Хьэсанэр Щомахуэ Лилиерэ, Къэбэрдей-Балъкъэр экономико-правовой лицейм и унафэщI Щауэжь Мухьэмэдин, КъБКъУ-м и проректор Хьэмырзэ Хьэзрэталий, Налшык къалэм и ранс-Iимам Къажэр Сафуди, «Минги-Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр, Управленэм и унафэщIым МВД-м и ветеранхэм ядэлэжьэныкIэ и дэIэпыкъуэгъу Гъубжокъуэ Арсен, Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал мэкъумэш академием и кафедрэм и Iэтащхьэ Бэгъуэт Хьэмидбий сымэ, нэгъуэщIхэри.

Жылагъуэ еблэгъапIэм дыгъэгъазэм и 6-м лэжьэн щыщIидзащ мы хэщIапIэм: **Налшык къалэ, Тепличнэ уэрамджI, 2.**

Нэхъ пасэу зебгъэтх хъунущ мы телефонымкIэ: **49-49-87.**

ДЕМИДОВЭ Анн э.

НэхъыфIхэм хабжэ

● Хъыбар гуапэ

Мы гъэм и гъатхэпэ кIуэм Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и жьауэм щIэту дажьэ, щэнхабзэ щIэныныгъэ изобразительнэ гъуэджэмкIэ департаментым и жэрдэмкIэ, КъБР-м и библиотекэу тIу «Иджырей щапхъэм и къуажэ библиотека» зыфIаща проектым зэрыхагъэхьэнымкIэ хьыбар къэгъэщIауэ щытащ.

АБЫ ТЕУХУАУЭ ирагъэжIуэкIа республикэпсо зэхъэзэхуэм щытекIуащ ШIытхъэлэрэ Зэрэгъыжрэ дэт тхылъ хъумапIэхэр. Зэрэгъыж дэт библиотекэм проектым ипкъ иткIэ иджыпсту щыщIэдзауэ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу къыIэрохьэ ахъшэшхуэ и уасэ «мультимедийнэ продукцэхэр», иужьрей компьютер техникэ зэпэщхэр. Абы и фIыгъэкIэ, тхылъ едэжьым дихьэх зэрэгъыжьдэсхэм дяпэкIэ Iэмал ягъуэтынущ тхылъым ехьэлIауэ дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэмрэ зыщагъэпсынырэ.

Ильэс 50-м нэсауэ зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт, тхылъ хъумапIэм и унафэщI Бозий Людмилэ зэрыжиIамкIэ, къыхуагъэфэща иджырей техникэ-хъыбарегъащIэ комплексым и Iэмалхэм я тхылъеджэхэр нэхъ псынщIэу хигъэгъуэзэну и нэ къикI щхьэкIэ, Iуэхур къэзылъахъэхэри щыIэщ: апхуэдэ техникэм тещIыхьа пэш яIэкъым. КъымыдэкIэ, а зыхуей-зыхуэфI лъапIэхэм я хъумэныр кьуажэ администрацэм и пщэ дилъхьэн хуейщ. Къапщтэмэ, Зэрэгъыж дэт библиотекэм и унащхьэр щIэкIэ зэрахъуэжрэ куэд щIакъым. АдэкIэ зыхуей хуэпэжаэн хуейуэ къыпэщIыкIыщ бжэ-щхьэгъубжэхэр, пэш кIуэцIхэр. Псом ящхьэрэщи, «модельнэ кьуажэ библиотекэ» зыфIаща проектым хагъэхьа Iуэхущ1апIэ нэхъыфIхэм зэрыхабжар гуапэщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ з.

● Адыгэ щэджащэхэр

Адыгэ тхакIуэхэмрэ тхыль къыдэзыгъэкIхэмрэ я зэIущIэм кърихьэлIащ Теунэ Хьчим *(1912 - 1983)*, **Щомахуэ Амырхъан** *(1910 - 1988)*, **Шортэн Аскэрбий** (1916 - 1985) **сымэ.** *Сурэтыр 1978 гъэм трахащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ЭХТЭХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериим - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтеуэну зыштыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынир и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт эпщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэ хуэмыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту агъэнащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэм: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Щоджэн Iэминат, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ.** ***КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щIащ*** **Мэлбахьуэ Анжелэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жанэщ.**

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №4050

«Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ каналыр къэрал Iуэхущ1апIэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм я лэжьакIуэхэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр композитор, уэрэдыс, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Согуэ Данил Жамболэт и къуэр хуогузавэ и къуэш **БетIал Жамболэт и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

ЕтIуанэу ягъэтIыс

Прохладнэдэс зэущIэхуэзу Сызранцевэ Ольгэрэ Екатеринэрэ (1984, 1980 гъэхэм къалъхуащ) илъэсрэ ныкъуэм щIигъэкIэ колонием исынущ. Прохладнэ район судым апхуэдэ унафэ кIыщтащ, къэхъупэщ зэрАIыгъым, наркотикхэр зэрахъуэм теухуауэ ахэр зэрагъэхуаншэ Iуэхум хэпльэри.

Наркотикхэр щагъэхьэзырын икIи щызрахьэлIэн папщIэ абыхэм я псэупIэр плIэнейрэ бдэжэнду ятауэ наркополицейхэм къыщIагъэщащ. ИужькIэ зэпыпхъуэхэм, щIэпхъаджагъэ лъэужьыр ягъэкIуэдажьыр мурадкIэ, къаугъэсэбэпа хьэкъущыкъым къыкIэрыну наркотикхэр егупуэу кIэратхьащIыкIыжырт. Апхуэдэ «зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэм» языхэсым и гуащIэгъэуэу абыхэм я псэупIэм наркополицейхэр тетащ. Кьыщащым Iупхьэ жэпкъ зы грамм къагъуэтащ. Ар куэду кьалъытэ.

Зэпыпхъухэр нэхъапэми ягъэтIысауэ щытащ наркотикхэр зэращэм къыхэкIыу.

СУАНОВЭ Залинэ,
Урысейм Наркотикхэм кIэлъыплъыныкIэ и федеральнэ кьулыкъым и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.